

Avi sou Dwa pou Travayè Livrezon nan Restoran NYC yo



Avi sa a aplike pou ou si ou travay pou yon sèvis livrezon manje nan yon antrepriz ekstèn. Sa a gen ladan nenpòt biznis ki ofri sèvis livrezon restoran nan lòt biznis; pa egzanp, Uber, Grubhub, DoorDash, Wonder, Relay, Fantuan, ak HungryPanda.



Peman

- Aplikasyon an dwe peye ou omwen **\$21.44** pa èdtan (san tep pa ladan) pou tan ou pase ap prepare ak/oswa fè livrezon. Minimòm sa a ap ogmante **1ye avril** chak ane.
- Aplikasyon an dwe swiv règ adisyonèl ki ka ogmante salè Aplikasyon an dwe eksplike alekri kijan li kalkile pèman.
- Aplikasyon an dwe peye ou tout tep ou fè.
- Aplikasyon an dwe peye ou tout salè omwen yon fwa pa semèn, ofri yon opsyon ki pa gen okenn frè pou resevwa peman, epi ba ou yon deklarasyon salè detaye.
- Aplikasyon an dwe di ou konbyen kliyan an te bay pou chak livrezon ak pèman total ou epi tep pou jou anvan an.



Wout yo

- Aplikasyon an dwe di ou detay wout ou pral fè yo anvan ou aksepte yon livrezon. Detay yo dwe genyen adrès kote w ap al pran kòmman lan, dire ak distans yo estime a, tep ak pèman.
- Ou ka limite ki pon oswa tinèl ou itilize ak distans ki genyen ant yon kote pou w al pran kòmmand lan ak yon kote pou w al depoze l. Aplikasyon an pa ka ofri w pou w ale pi lwen pase limit yo ou fikse a.



Aksè

- Aplikasyon an dwe ba ou yon sak livrezon manje izole gratis apre **6 livrezon manje**.
- Ou gen dwa sèvi ak twalèt yon biznis lè w pran kòmmand yo.

Okenn Revanj

Li ilegal pou yo pini travayè yo k ap egzèse dwa yo. Kontakte DCWP imedyatman depi ou sispèk gen reprezay. DCWP pa p janm mande enfòmasyon sou estati imigrasyon ou.

Depoze yon Plent

Si yo vyole dwa ou uo, yo ka dedomaje w. Pou ou siyale yon enfrazsyon, depoze yon plent nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP).

- Vizite **nyc.gov/DeliveryApps**
- Rele nan **311** (212-NEW-YORK andeyò vil New York) epi mande pou "Delivery Worker (Livrè)"

DCWP p ap pataje idantite w san konsantman w alavans.

